# Авар мац1алъул рагьараб дарс.

Бокьула,Мух1амад,дие гьаб дунял

Дуняланда т1ад бищун авар мац1…



# Анц1ила к1иабилеб декабрь.

- Дарсил тема: Суалияб наклонение.
- Дарсил мурад: Суалияб наклониениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьезе. Цогидал наклоненияздаса гьеб бат1а бахъизе лъай.





# Дарсил ин:

1.Класс дарсиде г1уц1и.
(интерактивияб доска,карточкаби)
2.Араб дарсил ц1ех-рех гьаби.
Г1алабияб наклонениялъул глагол.
Суалал:1.Глагол щиб кколеб,лъимал?
2.Кинаб суалалъе жаваблъун бач1унеб глагол?
3.Кина-кинал рук1унел глаголал?
Мисалал раче.
4.Глаголалъул байбихьул форма щиб кколеб?
5.Глаголалъул чан заман бугеб?
6.Авар мац1алда чан глаголалъул наклонение бугеб?
7.Хабарияб наклониениялъ щиб бицунеб,чан заман бугеб гьелъул?
8.Т1алабияб наклониениялъ щиб загьир гьабулеб?
Мисалал раче.
9.Кин лъугьунеб т1алабияб наклониениялъул глагол?
10 Т1алабияб наклониениялъул кинал формаби нужеда лъалел?
Рокъоб кьураб х1алт1ул хал гьаби.





# Ц1ияб дарс.

## Суалияб наклонение.

Суалияб наклонениялъул глаголаз загьир гьабула
гьикъул маг1на.Гьеб наклонение лъугьуна
хабарияб ва шарт1ияб наклонениялъул
глаголазде,инфинитивалде,причастиялде ва
деепричастиялде –ищ,-йищ,-дай суффиксал журан.
Мисалал: тезе+йищ,тезе+дай,тан(а)+ищ,тана+дай,
кьурун+ищ,кьурун+дай,боржараб+ищ,
боржараб+дай.





Вач1ана-хабарияб наклонениялъул глагол.
Вач1анищ-суалияб наклонениялъул глагол.
Вач1арав-(причастие)+дай=вач1арав дай
(суалияб накл.глагол)

Унтун-(деепричастие)+ищ=унтунищ
(суалияб накл.глагол)

# 3.Дарс щула гьаби.

1.Гъалат1 биччач1ого,коч1ол мухъал ц1але.Гьикъул маг1на кьолел раг1аби рате.



Макьилъ илгьам гьабун, гьаналъ бицундай,
Гьунар т1ок1ав лачен чучун вугилан;
Печать бахъулаго,берал сорондай,
Сайгидул Бат1алил хабар бугилан.

Эхебе росулъе хабар щиб бугеб?
Хар годек1абахъе бицен лъил бугеб?
Херай дир эбелалъ хабар бит1ич1ищ?
Ячурай лъадуца ругьелго бач1ищ?

Щай нужее хунжрул-кьал т1аде щунищ?
Щай нужее хучдул-чабхъад инейищ?
Щай нужей къолдаби,гьел такъияби?
Тушманасде данде х1адурлъулелищ?

Дуца ч1ор реч1ч1унин,чу лъукъиладай?
Дуца хеч тункунин чи г1одиладай?
Руччабазул пиша,унго, Пат1има,
Бихьиназулалда данде лъолебдай?



## 2.Гьал глаголазул наклонение бице.

Чвердана,вегана,батаги,кьолой,вач1а,
вач1унгеги,
к1алъай,яхъанищ,кьижанищ,хъванадай,
щванадай,х1алт1анищ,векьаранищ,боржана,
те,
ц1але,ц1оронищ.

**Гьал глаголал суалияб наклонениялда лъе.**
**Глаголалги гьоркьор ккезарун предложениял ургъе.**

Т1езе,тезе,ц1езе,лъазе,к1алъазе,кквезе,
борхизе,
рахазе,рижана.

- 3.Гьал глаголазул аваладда цо-цо слог жубан ц1иял глаголал
- лъугьинаре:
- Ккезе, х1азе, кьезе, тана, гьана, ч1ана, лъана, гъана, ккана, рана,
- къана.(предложениял г1уц1е суалиял акл. гьоркьор ккезарун)







# Рач1а,лъимал,свак чучизе бицанк1аби ч1вазе.

- 
- **1**.Авлахъалда рет1араб хъах1аб буртина?
- **2.**Азарго сон баниги,херлъулареб жо?
- **3**.Араб т1ад буссунареб жо?
- **4.**Ах1доларел, х1анч1уларел – жаниве чи виччаларел?
- **5.**Х1ат1ал кваналеб, кверал къинлъулеб жо?
- **6**.Бер гьеч1ого к1анц1улеб, к1ал гьеч1ого х1анч1улеб? **7.**Берал ц1ик, ц1око квеш?
- **8**.К1ал гьац1улаб, рач1 загьруяб зузудиро?
- **9**.Бищун бак1аб гьир?
- **10.**Борхатаб кьурулъ к1иго хъинс?
- **11.**Бохдул гьеч1еб, куркьби гьеч1еб, бихьулареб – боржунареб?

Сураталда балагьун гьит1инаб хабар г1уц1е, глаголалги гьоркьор ккезарун.(ратарал глаголал суалиял накл. глаголаллъун ккезаре)














РУССКИЙ ЯЗЫК




Л. Н. Толстой среди яснополянскихъ дѣтей.



# 4.Дарсил х1асил.

## Суалал:

1.Бич1ч1анищ,лъимал,жакъасеб дарс?
2.Цоги кинаб наклонение нилъеда лъараб?
3.Щиб загьир гьабулеб суалияб накл. глаголаз?
4.Кин лъугьунеб гьеб наклонение? Мисалал раче.







# 5.Рокъобе х1алт1и.

## Х1алт1и №4,гьумер 183.

Скобкабазда кьурал глаголалги суалияб наклонениялде хисизарун,т1анк1азул бак1алда кколел х1арпалги лъун,хъвай.



# Къо-мех лъик1 киназего!



